

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana ieu panalungtikan, aya opat hal anu bisa dicindekkeun anu aya patalina jeung tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut, nyaéta: 1) kalengkepan anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur; 2) aturan anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur; 3) prak-prakan anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur; jeung 4) ma'na sémiotik anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur. Sangkan leuwih jéntré dicindekeun dina pedaran ieu di handap.

Tradisi Mitembeyan Tandur nyaéta kagiatan ngamimitian dina rék ngalaksanakeun tandur. Mitembeyan asalna tina kecap “tambayan” anu hartina nembé atawa kakara ngamimitian. Tandur asal kecapna tina kecap “tanjur” anu hartina pagawéan ngaliarkeun binih paré tina pawinian (pabinihan) kana kotakan. Jadi tradisi Mitembeyan Tandur téh ngamimitian rék melak paré tina pawinian kana kotakan sawah. Ku ayana tradisi Mitembeyan Tandur ieu nyaéta salaku rasa sukur ka Gusti jeung rasa hormat ka Dewi Sri salaku Dewi paré supaya dibéré kasuburan dina pepelakan.

Tradisi Mitembeyan Tandur ngawengku tilu bagian nyaéta *pra* kagiatan, prak-prakan kagiatan, jeung *pasca* kagiatan. Kagiatan *pra* tradisi nyaéta ti mimiti nangtukeun waktu prung, poé, tanggal, jeung sababaraha pakakas pikeun nyumponan kalengkepan dina ngalaksanakeun kagiatan tradisi Mitembeyan Tandur. Dina nataharkeun kagiatan tradisi Mitembeyan Tandur, ilaharna teu sakabéh ditataharkeun ku kokolot anu rék ngalaksanakeun tradisi Mitembeyan Tandur. Dumasar hasil nalungtik ka lapangan, aya sababaraha anu kudu ditataharkeun dina *pra* tradisi Mitembeyan Tandur, nyaéta sasajén. Prak-prakan mangrupa waktu lumangsungna kagiatan tradisi Mitembeyan Tandur, dilaksanakeun sakumaha anu geus ditangtukeun jeung geus ditataharkeun dina *pra* kagiatan. Udagan dilaksanakeun tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut, miboga

maksud tina dilaksanakeunna tradisi Mitembeyan Tandur, nitipkeun Nyai Sri, utamana nitipkeun ka Alloh Swt. Anu melakna, anu dipelakna, sing rahmat salamet, tuluy waktu geus aya hasilna, rejekina, ménta dibarokahkeun, dimangpaatkeun. Dina paribasana saeutik mahi, loba kudu jadi mangpaat. Kagiatan pamungkas nyaéta *pasca* kagiatan tradisi, Saenggeus bérés ngalaksanakeun tradisi Mitembeyan Tandur, tuluy dimimitian ku nancebkeun paré, dimimitian ku nancebkeun binih paré dina tujuh liang. Tradisi Mitembeyan Tandur ieu bisa kapaké salila tujuh poé. Saenggeus kitu, éta sasajénurut ngalaksanakeun kagiatan tradisi Mitembeyan Tandur dibérésan, tuluy ngalaksanakeun tandur nepi ka bérés.

Dina tradisi Mitembeyan Tandur merlukeun bahan jeung properti anu bisa ngarojong kana lumangsungna kagiatan tradisi Mitembeyan Tandur nyaéta cécémpeh, kastrol, mangkok, saringan, parud, éntong, séndok, talenan, péso, daun cau, daun kalapa, daun awi, awi anu dijieun watesan neundeun sasajén, ruas, sintung kalapa, menyan, hanjuang, jeung paré.

Tradisi Mitembeyan Tandur miboga unsur sémiotik anu nyampak nyaéta ikon, indeks, jeung simbol nurutkeun Charles Sander Peirce. Unsur semiotik anu kapaluruh dina tradisi Mitembeyan Tandur aya 37 anu ngawengku 12 ikon, nyaéta: (1) Abah Solih; (2) Ema Dodoh; (3) sawah; (4) cécémpeh; (5) kastrol; (6) mangkok; (7) saringan; (8) parud; (9) éntong; (10) séndok; (11) talenan; jeung (12) péso. Indéks anu kapanggih dina tradisi Mitembeyan Tandur ngawengku dalapan, nyaéta: (1) sahadat; (2) solawat; (3) du'a-du'a; (4) sasajén; (5) aturan ngadu'a; (6) aturan diuk; (7) aturan waktu; jeung (8) aturan nancebkeun binih paré. Simbol dina tradisi Mitembeyan Tandur aya 17, nyaéta: (1) bubur beureum bubur bodas, (2) rujak kalapa, (3) rujak cau, (4) kupat keupeul, (5) dopi, (6) cai kopi, (7) cai hérang, (8) paré, (9) ketan, (10) hanjuang, (11) menyan; (12) daun awi; (13) daun cau; (14) daun kalapa; (15) sintung kalapa; (16) ruas; jeung (17) awi anu geus dibeulahan. Sabada dipasing-pasing kana objékna, dumasar kana unsur sémiotik ngagunakeun tiori Charles Sander Peirce dina tradisi Mitembeyan Tandur kapaluruh yén objék anu dominan nyaéta simbol.

5.2 Rékomendasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun, nyaéta: (1) pikeun mahasiswa, dipiharep bisa leuwih teleb dina nalungtik tradisi anu aya di daérah séjén, hususna dina tradisi Mitembeyan Tandur, umumna tradisi anu masih kéneh aya di unggal daérahna. Ku kituna, dina panalungtikan kahareupna bisa nalungtik ngeunaan babandingan tradisi Mitembeyan Tandur ti unggal daérahna, jeung (2) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa tuluy miara jeung ngamumulé tradisi anu masih aya, sangkan henteu leungit ku robahna jaman, tur bisa dipikanyaho ku generasi anu satuluyna.